

# Pran Swen Tibebe w si Ou Gen COVID-19

Liyen Aksesib: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/need-extra-precautions/pregnancy-breastfeeding.html>

**Si ou te fè yon tibebe dènyèman epi ou nan izòlman pou COVID-19, pran prekosyon pandan w ap pran swen tibebe ou ki fenk fèt la nan lopital la ak lakay ou.**



## Si w ap pataje yon chanm avèk tibebe ou an nan lopital la:

- Lave men w avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn anvan ou kenbe oswa pran swen tibebe ou an. Si savon ak dlo pa disponib, itilize yon dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl.
- Mete yon mask lè ou nan mwens ke 6 pye ak tibebe ou an.
  - » Pa mete yon pwotèj figi ni mask sou tibebe ou an. Yon pwotèj figi oswa yon mask ka ogmante risk pou [sendwòm lanmò sibit tibebe \(Sudden Infant Death Syndrome, SIDS\)](#) oswa risk pou toufe ak trangle pa aksidan.
- Kenbe tibebe ou an nan distans plis ke 6 pye lwen ou otank posib.
- Pale avèk founisè swen sante ou sou itilizasyon yon baryè fizik pandan ou nan lopital la, pa egzanp mete tibebe ou an nan yon kouvez.



## Konnen kilè li san danje pou fini izòlman an ak prekosyon anplis yo

- Si ou te gen sentòm, li san danje pou fini izòlman ou apre
  - » 10 jou depi sentòm ou yo te premye parèt epi
  - » 24 èdtan san okenn lafyèv san ou pa te pran medikaman pou bese lafyèv tankou ibuprofen epi
  - » Lòt sentòm COVID-19 ou yo ap amelyore
- Si ou pa te janm gen sentòm, li san danje pou fini izòlman ou 10 jou apre dat premye tès pozitif COVID-19 ou.

Après izòlman ou fini, ou dwe toujou lave men ou anvan ou pran swen tibebe ou an, men ou pa bezwen pran lòt prekosyon anplis yo.



[cdc.gov/coronavirus](https://www.cdc.gov/coronavirus)

## Si ou gen COVID-19 epi w ap pran swen tibebe ou an lakay ou:

- Rete lakay ou.
- Rete lwen lòt moun k ap viv avèk ou ki pa enfekte.
- Mete yon mask nan espas pataje yo. Mask la ede anpeche ou transmèt viris la bay lòt moun.
  - » Pa mete yon pwotèj figi ni mask sou tibebe ou an. Yon pwotèj figi oswa yon mask ka ogmante risk pou sendwòm lanmò sibit tibebe (Sudden Infant Death Syndrome, SIDS) oswa risk pou toufe ak trangle pa aksidan.
- Fè yon moun an sante ki pa plis riske gen maladi grav nan COVID-19 pran swen tibebe ou an.
  - » Moun k ap bay swen an dwe lave men l pandan omwen 20 segonn anvan li manyen tibebe ou an. Si savon ak dlo pa disponib, li dwe itilize yon dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl.
  - » Si moun k ap bay swen an ap viv nan menm kay la oswa li te an kontak pwòch avèk ou, li ka petèt te ekspoze. Li dwe mete yon mask lè li nan mwens ke 6 pye ak tibebe ou an pandan tout tan ou nan izòlman ak pandan karantèn moun lan apre ou fini ak izòlman ou.
- Si yon moun ki an sante pa disponib pou pran swen tibebe a, ou ka okipe tibebe ou an si ou byen sifizaman.
  - » Lave men ou avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn anvan ou touche tibebe ou an. Si savon ak dlo pa disponib, itilize yon dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl.
  - » Mete yon mask lè ou nan mwens ke 6 pye ak tibebe ou an ak lòt moun pandan tout izòlman ou an.



## Konnen kilè li san danje pou fini izòlman an ak prekosyon anplis yo

- Si ou te gen sentòm, li san danje pou fini izòlman ou apre
  - » 10 jou depi sentòm ou yo te premye parèt epi
  - » 24 èdtan san okenn lafyè san ou pa te pran medikaman pou bese lafyè tankou ibuprofen epi
  - » Lòt sentòm COVID-19 ou yo ap amelyore
- Si ou pa te janm gen sentòm, li san danje pou fini izòlman ou 10 jou apre dat premye tès pozitif COVID-19 ou.

Après izòlman ou fini, ou dwe toujou lave men ou anvan ou pran swen tibebe ou an, men ou pa bezwen pran lòt prekosyon anplis yo.